



Pou Piblikasyon Imedya: 09/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIPÒ ETA POU APPLIED DNA SCIENCES POU  
ETABLI ETABLISMAN FABRIKASYON ADN TERAPETIK KI PA PLASMIDIK NAN  
LONG ISLAND**

*Kredi enpo Eta sipòte inovasyon syans lavi, fabrikasyon ADN ak kreyasyon  
travay*

*Bati sou 350 milyon dola Fon Envestisman Long Island lan pou ranfòse kwasans  
byoteknoloji*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sipò eta a pou devlopman kontinyèl Applied DNA Sciences, Inc. nan platfòm LinearDNA konpayi an pou fabrikasyon pwochè jenerasyon medikaman ki baze sou ADN. Applied DNA Sciences se yon lidè nan teknoloji reyaksyon an chèn atravè polimeraz ADN, epi LinearDNA se yon altènatif dirèk pou ADN plasmidik yo itilize nan pwodiksyon medikaman ki baze sou ADN, tankou terapi jenetik ak vaksen mRNA yo. Teknoloji sa a, ki te devlope pa Applied DNA Sciences nan Stony Brook University High Technology Incubator, gen potansyèl pou mennen nouvo inovasyon nan endistri syans lavi a.

"Avèk ekip chèchè klas mondyal li a, dekouvèt syantifik, ak fabrikasyon medikaman inovan, Applied DNA Sciences pral kounye a rantre nan koridò syans lavi New York la k ap pwospere nan Long Island lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè gwo inisyativ tankou pwogram Excelsior Jobs nou an ak 350 milyon dola Fon Envestisman Long Island (Long Island Investment Fund, LIIF), New York kontinye envesti nan endistri ki gen gwo kwasans tankou syans lavi pou ankouraje ekonomi rejyonal la, kreye djòb demen yo, epi konstwi pwochen gwo sant pou inovasyon isit la menm nan eta nou an."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Anons Applied DNA Sciences jodi a montre fòs enkwayab nan ekosistèm syans lavi Long Island lan epi li pral ajè kòm yon katalizè pou plis inovasyon ak kwasans nan devlopman terapi ADN yo. Itilizasyon LinearDNA pral pèmèt chèchè ak syantis byoteknoloji yo kreye medikaman ak tretman ki kapab chanje lavi ki pral amelyore lavi Nouyòkè yo nan Long Island ak atravè Eta a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Applied DNA Sciences la, Doktè James A. Hayward, te deklare,** "Nou kontan dèske yo te rekonèt platfòm LinearDNA nou an pou

avantaj potansyèl li pou swen sante ak paske li kreye nouvo djòb nan Long Island. Nan non Applied DNA, mwen remèsye Gouvènè Hochul, ESD ak Nouyòkè parèy nou yo pou sipò yo nan ede nou etabli LinearDNA pou fabrike medikaman pwochèn jenerasyon yo. Nou kwè ke benefis efò nou yo pral rezonnen nan Long Island, Eta New York, ak odela."

LinearDNA se yon teknoloji transfòmatif ki ka gen yon gwo enpak sou endistri byoteknoloji a. Fabrikan ADN jodi a itilize ADN plasmidik, ki depann sou fèmantasyon bakteri epi ki sibi yon delè ki long, gwo konpleksite ak gwo depans pou kapital ak mendèv. Platfòm LinearDNA a se yon platfòm anzimatik san selil pou fabrikasyon ADN nan gwo echèl ak avantaj ki genyen nan sekirite, efikasite, pri redwi, ak tan fabrikasyon amelyore. Terapi ki baze sou ADN k ap devlope gen ladan tretman pou VIH, kansè, maladi Lyme (Lim) ak Ebola. LinearDNA ka sèvi kòm yon ranplasman dirèk nan ADN plasmidik ke yo itilize pou devlope tretman pou maladi sa yo. Applied DNA Sciences pral etabli premye etablisman fabrikasyon LinearDNA cGMP (Bon Pratik Faktori Aktyèl) Eta New York la pou sipòte kliyan byofamasetik yo soti nan premye etap dekouvèt medikaman yo rive nan esè klinik nan fen faz yo.

Pou sipòte efò sa yo, Applied DNA Sciences, ki anplwaye 61 anplwaye aplentan kounye a, pran angajman pou li kreye omwen 23 nouvo djòb aplentan sou yon peryòd dis ane, ak sipò jiska 1.5 milyon dola nan kredi enpo ranbousab nan Pwogram Djòb Excelsior (Excelsior Jobs Program) la ki baze sou ranman ki soti nan Empire State Development.

**Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare,** "Koridò syans lavi ki ap fleri nan Long Island lan se yon temwayaj pou enstitisyon remakab ak syantifik talantye yo. Avni swen sante a ap fòme pa avansman kontinyèl nan medikaman ak syans, epi Applied DNA Sciences fè pati nan efò sa a. Anons jodi a pral jenere nouvo opòtinite travay, estimile kwasans ekonomik, ak ranfòse potansyèl endistri syans lavi a ak pèspektiv alavni pwogrè medikal yo."

**Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) la ki se Linda Armyn, Direktè Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare,** "Avni endistri syans lavi a nan Long Island parèt briyan, ak yon ekosistèm solid ki sipòte kwasans ak inovasyon li yo. Applied DNA Sciences pral sipòte devlopman terapi jenetik alavni yo, ankouraje pi bon rezilta sante pou pasyan yo, epi finalman ankouraje kwasans ekonomik nan tout rejyon an ak odela."

**Senatè Eta a, Anthony H. Palumbo te deklare,** "Long Island se lakay enstitisyon rechèch enkwayab tankou Brookhaven National Lab, ak Stony Brook University nan lès la epi Cold Spring Harbor Lab, Northwell ak Feinstein Medical ap fè rechèch nan lwès la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te dirije finansman eta a, ki pral kontinye efò pou devlope ak grandi konpayi ak inisyativ syans lavi yo nan tout rejyon an--sa k ap

kreye djòb ak avanse teknoloji nouvo amelyore, rechèch, ak dekouvèt medikal atravè mond lan."

**Manm Asanble Ed Flood te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li kontribye nan bezwen dezespere Long Island pou kreye travay ak paske li avanse devlopman ekonomik pou kominote nou yo. Ogmantasyon kou lavi a ak mank travay la afekte rezidan yo nan tout eta a yon fason konsiderab. Dènye sipò eta a pou Applied DNA Sciences, Inc. ak devlopman LinearDNA pral asireman fasilite gwo dekouvèt syantifik ak ekonomik pou avni eta a. Mwen pa ka tann pou mwen wè rechèch ki fèt sou medikaman ki baze sou ADN pou amelyore sistèm swen sante nou an epi bay tretman medikal ki kapab sove lavi."

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** "Konte Suffolk fyè dèske li se yon lidè nan endistri syans lavi a, nan envesti nan sant rechèch lokal yo pou ede bese enpak pwoblèm sante piblik ki deja egziste ak pwoblèm alavni yo. Gras ak sipò Gouvènè Hochul, Long Island ka kontinye ede kreye yon ekosistèm teknoloji ak avansman medikal."

Atravè investisman Eta a, Gouvènè Hochul pran angajman pou l fè Long Island vin premye koridò pou syans lavi ak inovasyon rechèch. Enkli nan Bidjè Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2023 a, 350 milyon dola [Fon Investisman Long Island \(LIIF\)](#) lan sipòte pwojè transfòmasyon nan rejyon an, ki gen ladan 50 milyon dola pou kreye yon filyè konpayi demaraj biyoteknoloji pou amelyore lidèchip syans lavi Long Island lan. An desanm, Gouvènè Hochul te anonse yon Demann pou Aplikasyon pou kreye yon [Pwogram Akseleratè Syans Lavi](#) nan kad LIIF la, ki kounye a ap [aksepte aplikasyon jiska 31 mas 2023](#). Anons LIIF anvan yo gen ladan 10 milyon dola pou [Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal](#) (Feinstein Institute for Medical Research) pou sipòte rechèch medikal ak maladi kontajye. Devlopman yon akseleratè syans lavi nan Long Island demontre yon etap enpòtan nan akonplisman vizyon Gouvènè Hochul pou ranfòse avni rejyon an nan ankouraje kwasans komèsyalizasyon nan koridò rechèch syans lavi Long Island lan. Investisman vize sa yo kreye enfrastrikti pou ankouraje syantis ki pi bon ak pi briyan yo nan rejyon an epi kreye yon anviwonman kote konpayi tankou Applied DNA Sciences ka pwospere.

Sektè syans lavi Long Island lan se yon poto mitan nan ekonomi dinamik inovasyon rejyon an, ki kontribye nan kreyasyon djòb, devlopman ekonomik ak pwogrè syantifik. Envesti nan syans lavi enpòtan anpil pou idantifye pwochen revolisyon syantifik oswa medikal ki pral devlope nouvo teknoloji pou sove lavi Long Island se kay enkibatè biznis syans lavi yo, enstitisyon rechèch mondyal yo ak konpayi famasetik ak biyoteknoloji yo kote yo tout jwe yon wòl enpòtan nan estimile inovasyon ak avanse syans nan rejyon an, tankou Cold Spring Harbor Laboratory, Stony Brook University, Northwell Health, ak Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal. Avèk sipò envèstisman Eta a nan endistri a ak angajman Gouvènè Hochul pran pou avanse domèn nan, sektè syans lavi a nan Long Island pare pou kontinye fasone avni medikaman an epi fè kontribisyon enpòtan nan byennèt sosyete a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418